



Pou Piblikasyon Imedya: 05/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE MODIFIKASYON SÈVIS WOUT RAY LONG ISLAND LAN POU AMEYORE EKSPERYANS VWAYAJÈ YO

Apati lendi 6 mas -- y ap ajoute tren nan Brooklyn ak pwolonje tren nan Penn Station, ajoute machin nan tout tren ki depase kapasite semèn pase a

Ogmante sèvis Jamaica-Brooklyn pou redwi tan datant yo ak elaji dramatikman prezans sèvis kliyantèl la nan Jamaica pou amelyore kominikasyon ak transfè yo

Li mande siveyans devwe pou modèl tranpò yo epi kontinye fè ajisteman orè yo ki baze sou demann yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te mande Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an pou li modifiye sèvis tren an, ki pral anvigè apati demen lendi 6 mas la pou amelyore vwayaj kliyantèl Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) la. Sou enstriksyon Gouvènè a, LIRR pral ogmante sèvis lè ki chaje yo nan Brooklyn, pwolonje tren k ap sèvi Penn Station, ajoute machin nan tout tren ki te depase kapasite semèn pase a, epi ogmante prezans sèvis kliyantèl la nan Jamaica pou amelyore kominikasyon vwayajè epi anpeche transfè presipite yo.

"Ouvèti istorik Grand Central Madison te make premye ekspansyon sèvis LIRR la nan 100 ane, epi pou asire siksè nouvo tèminal la, nou dwe reponn ak bezwen pasaje nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kliyan yo merite yon eksperyans vwayaj klas mondyal, epi se sa n ap travay di pou reyalize ak chanjman sa yo. Nou angaje pou kontinye koute, kontwole, epi fè chanjman pou bay Nouyòkè yo bon jan kalite sèvis, kominikasyon, ak konsistans."

LIRR la ap ogmante sèvis nan lè ki chaje yo nan Brooklyn lè li ajoute yon tren adisyonèl nan lendi ak yon dezyèm tren adisyonèl madi, sa k ap redui tan ant tren yo nan navèt Jamaica-Brooklyn lendi an yon mwayèn 8-9 minit nan lè ki chaje anpil yo, ak sèvis ki pi souvan mem k ap kòmanse madi.

Anplis de sa, LIRR la ap pwolonje 17 tren k ap sèvi Penn Station, ajoute machin nan chak tren ki depase kapasite. Sa enkli kat tren ki te deja pwolonje semèn pase a, ak yon lòt 11 tren nan moman ki chaje anpil yo ki soti nan ogmantasyon sible yo, yon total 32 tren ki nan lis anba a pral gen ogmantasyon machin apati lendi 6 mas. Sa gen ladann

tren ki te apwoche kapasite tankou sa yo ki depase li. Yo konseye kliyan Brooklyn yo pou yo tcheke aplikasyon TrainTime lan pou wè nouvo opsyon Tèminal Jamaica - Atlantic yo.

Gouvènè a te mande tou yon prezans sèvis kliyantèl elaji, ki konsantre sou Jamaica, pou ede vwayajè yo ak komunikasyon an tan reyèl sou transfè yo, ki gen ladan etablisman an yon kontwolè platfòm ki pral dirije depa tren yo nan direksyon Tèminal Atlantic la pou diminye chans pou kliyan yo ta rate pwochen tren ki prale a. Anplis sipò sèvis kliyantèl LIRR ki egziste deja, yo te deplwaye 30 anplwaye adisyonèl nan Jamaica ak 10 nan Grand Central Madison pou ede kliyan yo pandan tranzisyon an. MTA a pral kontinye enfòme kliyan LIRR yo tou sou chanjman ki fèt nan orè a atravè platfòm yo, atravè aplikasyon TrainTime, medya sosyal, sit entènèt MTA, rezo ekran dijital li a, anons ak alèt kliyan yo ke yo voye pa imèl ak mesaj tèks.

Chanjman sa yo gen entansyon asire ke pandan lè ki okipe yo, platfòm ki nan Jamaica k ap sèvi tren Brooklyn yo pral gen yon tren k ap tann nan platfòm lan ak pòt yo louvri epi yo p ap pati jiskaskè yon dezyèm tren rive sou ray opoze a. Pandan lè ki okipe nan apremidi/aswè yo, yon sistèm ki menm jan an pral an plas nan Tèminal Atlantic la.

LIRR opere yon Sant Kontwòl Santral Jamaica (Jamaica Central Control Center, JCC) pou kontwole ak anpil atansyon kondisyon ak operasyon pasaje yo. Sa a pèmèt obsèvasyon an tan reyèl chajman pasaje yo pou evalye ak jije ki amelyorasyon alavni ki ta ka itil. Sou enstriksyon Gouvènè a, MTA a pral kontinye kontwole modèl vwayaj yo an jeneral epi fè ajisteman orè ki koresponn pou asire kapasite pou bezwen vwayajè yo.

Chanjman ki te fèt apati fen semèn pase a ak sa ki pwograme pou antre an vigè lendi yo se ajisteman ki baze sou done yo pou diminye tan datant yo ak diminye foul moun kote sa rive", **Prezidan Metro-North ak Prezidan Pwovizwa Long Island Rail Road lan, Catherine Rinaldi te deklare**, Nou te di nou t ap gade chak tren ak chak liy pou evalye kote kliyan yo pa t ap resevwa nivo sèvis ke yo menm epi nou menm espere a. Chanjman sa yo se etap ki mennen nan asire yon pi bon eksperyans pou pi devan, pandan y ap kontinye bay plis sèvis an jeneral pou plis Tèminal NYC pase sa LIRR la te janm genyen anvan an. Nou pral kontinye kontwole tandans pasaje yo ak kondisyon chajman yo epi fè ajisteman jan sa nesèsè."

"Nou kontan LIRR la ap pran plent vwayajè yo ak kè epi li kòmanse fè chanjman pou soulaje doulè k ap grandi nan nouvo plan sèvis la", **Prezidan Konsèy Itilizatè LIRR la, Gerard Bringmann, te deklare**, "Tren ki pi long yo pral kòmanse ede diminye twòp moun nan ka ki pi mal yo, epi redwi tan ant tren Brooklyn yo ta dwe ede mennen pasaje yo kote yo bezwen ale ak datant ki pi kout, epi san mache prese an mas nou deja wè a. Nou espere travay ansanm ak LIRR la pou fè lòt chanjman ak amelyorasyon pou adrese enkyetid pasaje yo te sòlve."

LIRR pral pwolonje tren yo

Semèn pase a, LIRR te pwolonje kat tren pou adrese kondisyon ki gen anpil moun yo. Apati lendi, LIRR pral pwolonje sèt tren pou ale nan Penn Station pou lè ki okipe nan

maten yo ak nèf tren pou lè ki okipe nan aprèmidi yo. Chanjman sa a adrese nenpòt tren ki te rive oswa depase kapasite selon done yo kolekte semèn pase a. Pou lis tren ki gen lòt machin, gade anba a.

Aprè sa, lè tren sa yo tounen soti swa destinasyon Long Island oswa Penn Station pa yo pou opere nan direksyon opoze a, yon lòt onz tren ap gen machin ajoute, ki ap benefisye kliyan yo ansanm ak yon lakoz ogmantasyon sibe yo dekri deja a.

Wout ray la ap adapte pou adrese enkyetid piblik la pi vit jan sa posib, sa ki enkli pwolonjman tren yo. Konsa, LIRR te pase nan 16 tren ki te rive nan kapasite nan yon sèl jou pandan peryòd ki chaje anpil yo rive nan yon tren ki depase kapasite nan fen semèn lan nan vandredi 3 mas, sou yon total 289 tren ki travay nan moman ki chaje anpil yo.

Sèvis Brooklyn

Sèvis Brooklyn lan pral ogmante apati lendi, ak yon tren adisyonèl k ap opere ant Jamaica ak Tèminal Atlantic la ak yon dezyèm tren ke yo pral mete an sèvis nan madi.

Ajisteman tren yo pral redwi tan datant yo yon fason efikas nan yon mwayèn 8-9 minit lendi, e menm mwens madi, pou kliyan Brooklyn yo pandan tou de peryòd ki chaje anpil yo epi sa vle di pral gen anpil chans chak fwa kliyan yo rive sou platfòm lan nan Jamaica, pral gen yon tren ki pare pou yo monte.

Anplis de sa, pou senplifye transfè yo nan Brooklyn, LIRR a pral gen kontwolè platfòm pou ede kliyan sou platfòm la k ap sèvi Ray 11 ak 12, kote tren Brooklyn yo pati. Kontwolè platfòm yo detèmine tan depa tren yo. Lè kondisyon yo pèmèt, yon tren Brooklyn p ap kite platfòm lan san yon dezyèm tren pa rive sou ray opoze a pou lè maten ki okipe yo epi tren yo prevwa kanpe jiska de minit pou konekte kliyan k ap transfere soti nan lòt platfòm yo.

Sèvis nan wikenn

Samdi 3 mas, premye jou sèvis nan wikenn nan kad nouvo orè yo, pèfòmans alè nan tout sistèm nan pou LIRR la te konstan nan 97.85%, pandan y ap opere 697 tren, 28% plis pase orè anvan yo. Nan samdi 25 fevriye, dènye samdi nan kad orè anvan yo, pèfòmans alè te 97.98% ak 544 tren ki t ap fonksyone.

Sèvis Grand Central Madison

Pandan peryòd ki chaje anpil yo, 114,153 pasaje te vwayaje semèn pase a pou ale ak soti nan Grand Central Madison, sa ki te ekonomize yon total konbine jiska 38,051 èdtan nan tan pou vwayaje ale nan destinasyon East Side konpare ak tan vwayaj lè yo itilize Penn Station.

Tren nan moman ki chaje anpil nan maten ki te pwolonje semèn pase a

- Tren 6:26 a.m. k ap soti Far Rockaway pou rive Penn Station
- Tren 7:07 a.m. k ap soti Jamaica pou rive nan Tèminal Atlantic la
- Tren 7:15 a.m. k ap soti Babylon pou rive Grand Central Madison

- Tren 7:28 a.m. k ap soti Ronkonkoma pou rive nan Penn Station

Tren nan moman ki chaje anpil ak machin y ap ajoute ladan yo apati lendi 6 mas 2023

- Tren 5:29 a.m. k ap soti Port Washington pou rive nan Penn Station
- Tren 5:42 a.m. k ap soti Ronkonkoma pou rive Grand Central Madison
- Tren 5:49 a.m. k ap soti Long Beach pou rive Grand Central Madison
- Tren 5:54 a.m. k ap soti Huntington pou rive Grand Central Madison
- Tren 6:15 a.m. k ap soti Wantagh pou rive nan Penn Station
- Tren 6:31 a.m. k ap soti Babylon pou rive nan Penn Station
- Tren 6:54 a.m. k ap soti Wantagh pou rive nan Penn Station
- Tren 7:19 a.m. k ap soti Farmingdale pou rive nan Penn Station
- Tren 7:28 a.m. k ap soti Ronkonkoma pou rive nan Penn Station
- Tren 7:31 a.m. k ap soti Babylon pou rive nan Penn Station
- Tren 7:54 a.m. k ap soti Port Washington pou rive nan Penn Station
- Tren 8:20 a.m. k ap soti Little Neck pou rive nan Penn Station
- Tren 8:25 a.m. k ap soti Ronkonkoma pou rive nan Penn Station
- Tren 8:31 a.m. k ap soti Babylon pou rive nan Penn Station
- Tren 3:23 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Babylon
- Tren 3:38 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Babylon
- Tren 3:48 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Long Beach
- Tren 4:01 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Ronkonkoma
- Tren 4:10 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Babylon
- Tren 4:37 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Wantagh
- Tren 5:07 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Port Washington
- Tren 5:16 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Babylon
- Tren 5:19 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Wantagh
- Tren 5:52 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Port Washington
- Tren 6:03 p.m. k ap soti nan Grand Central Madison pou rive Hempstead
- Tren 6:57 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Babylon
- Tren 7:04 p.m. k ap soti nan Grand Central Madison pou rive Huntington
- Tren 7:35 p.m. k ap soti nan Penn Station pou rive nan Port Washington

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)